



Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWA KA ANPLIS KI KONFIME NAN VARYAN
OMICRON COVID-19 LA NAN ETA NEW YORK POU YON TOTAL UIT KA**

***Dekouvèt la ranfòse bezwen pou Nouyòkè yo vaksinen, pran dòz siplemantè a
epi mete mask***

Y ap kontinye swiv ka k ap ogmante yo pou varyan Delta a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse deteksyon twa ka konfime anplis pou premye varyan Omicron COVID-19 la nan Eta New York pou yon total uit ka konfime. Jiska prezan, ka yo sanble pa lye epi yo te konfime atravè sekans viris SARS-CoV-2 a. Toule twa nouvo ka yo soti Vil New York, pou yon total sèt rezidan nan Vil New York ak Konte Suffolk ki konfime ki genyen varyan Omicron an.

"Nou te konnen varyan an t ap vini epi nou prevwa obsève plis ka. Men kite m di nou byen klè: Nou pa san defans," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen zouti pou ede prevni pwopagasyon viris mòtèl sa: Pran vaksen ou, pran dòz rapèl ou, epi mete mask ou. An nou itilize zouti sa yo pou asire nou pwoteksyon tèt nou ak pwòch nou pandan n ap apwoche sezon fèt yo."

Komisè Depatman Sante a Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Varyan omicron an la, epi jan yo te prevwa a n ap obsève pwopagasyon nan kominote a. Nou kontinye travay depre ak patnè nou yo nan nivo nasyonal, eta ak nivo lokal. Nenpòt moman, nou pa konnen nan ki vitès Omicron an ap pwopaje oswa nan ki pwen sentòm yo ap grav. Sa n ap obsève sèke ogmantasyon ka atravè Eta New York yo kontinye retrace pou varyan Delta a. Nou ankouraje tout Nouyòkè pou itilize pi bon zouti prevansyon nou genyen an: vaksinen, pran dòz siplemantè a epi mete mask."

Twa nan ka Omicron yo te idantifye nan Mt. Sinai, yo te idantifye twa ka nan Laboratwa Repons Pandemi an (Pandemic Response Lab, PRL), yon ka te konfime nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Eta NY la (NYC Department of Health and Mental Hygiene) epi ka Konte Suffolk la te idantifye pa PRL nan dat 2 desanm. Byenke yo kwè tout ka sa yo pa gen rapò ak konvansyon resan Anime NYC a nan Javits Center, Depatman an toujou ankouraje nenpòt moun ki te patisipe pou teste pou COVID-19 epi mete yon mask nan espas piblik yo.

Laboratwa Sant Wadsworth (Wadsworth Center Laboratory) Depatman Sante

(Department of Health, DOH) Eta New York la ap kontinye [kontwole](#) aktivman echantyon viris COVID-19 yo chwazi nan tout Eta a pou konpare sekans yo epi idantifye varyant k ap sikile ak nouvo varyan Omicron yo.

Depatman an kontwole tou tout done yo soumèt nan baz done sekans piblik yo pa lòt laboratwa sekans nan tout Eta New York ak atravè Etazini, k ap kontribye a yon pwogram siveyans solid epi kolaboratif pou analiz varyan an. Sant Wadsworth la ap chèche aktyèlman sekans espesimenn viris COVID-19 ak yon kapasite jiska apeprè 100 pa jou. Yo chwazi espesimenn yo owaza toupatou nan eta a pou bay siveyans atravè tout lokasyon jewografik yo epi done yo analize nan tout sekans viris la. Analiz la enkli evalyasyon mitasyon ki endike varyan enkyetid ak varyan enterè a.

Lòt laboratwa nan Eta New York ap fè menm travay la. Rezilta sa yo ki soti nan Wadsworth ak lòt laboratwa telechaje nan baz done piblik yo, prensipalman [GISAID](#). Nan baz done sa, done sekans ki soti nan tout kontribitè yo ka telechaje epi analize pou yon imaj tandans viris la ki pi konplè atravè eta a epi distribisyon varyan ki soti nan analiz sa yo rezime toutotan tan ap pase. Eta a te rann done sa yo disponib pou tout Nouyòkè sou [Paj Varyan COVID-19](#) yo a.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)